

Kitab Suci Bocah nyuguhaké

Yunus lan Iwak Gedhe



Ditulis déning: Edward Hughes

Digambari déning: Jonathan Hay; Alastair P.

Dibesut déning: Mary-Anne S.

Diterjemahaké déning: Maryudha

Diproduksi déning: Bible for Children
www.M1914.org

©2026 Bible for Children, Inc.

Kowé duwé hak motokopi utawa nyithak crita iki,
waton ora kanggo diedol.



Pirang-pirang taun kepungkur, ana
wong sing jenenge Yunus manggon ing
tanah Israèl. Ing sawijining dina,
Gusti Allah dhawuh
marang dhèwèké kon
menyang neng
Niniwe,


kutha
paling
gedhe lan
paling kuat
ing donya.




Yunus kudu ngelingke kabeh wong ing
kono nek Gusti Allah wis ngerti nek
wong-wong kono kuwi jahat.



Yunus ora manut marang Gusti Allah! Tinimbang menyang Niniwe, Yunus malah numpak prau lan lelayaran ing arah ngelawan menyang panggonan sing jenenge Tarsis.



Pangéran Allah nekakake prahara ing sagara. Ana angin gedhe! Para pelaut wedi yen kapal kasebut bisa pecah lan klelep.



Prahara saya tambah ndadi. Amarga wedi, para pelaut ndedonga marang dewa-dewa lan mbuwang kabeh barang menyang segara kanggo ngenthengake kapal. Nanging ora mbantu.



Yunus mung siji-sijine wong ing kapal sing ora ndedonga. Nanging, dhèwèké malah turu ing njero kapal. Kapten kapal nemoni dhèwèké. "Kowé ngopo? tangi! Pandonga marang Gusti Allahmu! Mungkin Gusti Allah bakal nganggep awake dhéwé, supaya awake dhéwé ora disirnakke."



Para awak prau banjur mutusake manawa masalahe ana hubungane karo Yunus. Dhèwèké kandha nek dhèwèké mlayu saka PANGÉRAN YEHUWAH. Wong-wong mau padha takon, "Apa sing kudu daktindakake marang kowé, supaya segara dadi adem?" Yunus mangsuli, "Aku angkat lan uncalake menyang segara."


"Amarga aku yakin, saka aku prahara gedhe iki nekani kowé."



Para awak prau ora
gelem nguncalke Yunus
menyang segara.

Mulane wong-wong
mau padha ndayung
kanthi banter
supaya kapale
tekan dharatan.

Nanging padha
ora bisa. Ana mung
siji sing kudu
dilakoke!



Sakwise ndedonga njaluk pangapura, para awak prau padha ngangkat Yunus lan diuncalake ing segara. Nalika Yunus ilang kenek ombak, segara dadi sepi lan angine suda. Owah-owahan cuaca sing dumadakan iki luwih medeni para awak prau tinimbang prahara mau.







Wong-wong mau mesthi
ngerti mung Gusti Allah
sing bisa nindakake.
Merga wedi lan
nggumun, wong-wong
mau padha nyembah
PANGÉRAN
YEHUWAH.




Sauntara kuwi, utusan
sing ora manut kuwi
kaget banget. Tanpa
daya ambles ing
telenging segara, Yunus
ngerti ora ana sing bisa
nylametake dhèwèké
saka klelep. Dhèwèké
uga bakal klelep -
nanging Gusti Allah
duwe rencana liyane.



PANGÉRAN YEHUWAH wis nyediaake iwak gedhe kanggo nguntal Yunus. Iwak iku pas wektune! Sak caplokan Yunus metu saka segara lan menyang wetenge iwak. Yunus manggon ing jero iwak telung dina. Dhèwèké duwe akeh wektu kanggo mikir lan ndedonga.



Telung dina sakwise kuwi, Yunus janji bakal manut karo Gusti Allah. Sanalika Gusti Allah ngandika marang iwak mau, lan Yunus dimuntahake menyang pantai.



Sepisan maneh, Gusti Allah ngutus Yunus lunga menyang Niniwe lan martakke pituture Gusti Allah. Sakiki, Yunus lunga! Yunus lumebu ing kutha lan nguwuh-uwuh, "Sajrone patang puluh dina meneh, Niniwe bakal katumpes."



Wong-wong ing Niniwe padha precaya marang sabdane Gusti Allah. Wong-wong mau banjur padha pasa, lan nganggo kain karung kanggo nduduhke marang Gusti Allah nek padha nggetuni dosane. Malah raja ngasorake awake dhéwé ing ngarsane Gusti Allah. Panjenengané banjur mudhun saka dhampare, nganggo kain karung lan lungguh ing awu. Dhèwèké ndhawuhi saben wong kudu nyingkiri tumindak ala

lan panganiaya, lan ndedonga supaya

PANGÉRAN
YEHUWAH maringi pangapura.



Gusti Allah maringi pangapura marang wong-wong
Niniwe! Mesthine dadi dina sing nyenengake ing

Niniwe nalika wong-wong ngerti yen
Gusti Allah wis ngapura.

... Nanging ana
wong siji sing
nesu banget.
Yunus!



Kenapa Yunus nesu? Dhèwèké kandha marang Gusti Allah, "Kawula sumerep, bilih Paduka punika Allah ingkang welas asih, mboten enggal duka, lan agung ing sih-kadarmanipun." Ing tembung liya, Yunus ngerti nek Gusti Allah mesthi ngapura wong sing mratobat lan manut marang Sabdane Gusti Allah.

Kayane Yunus ora seneng karo wong-wong Niniwe. Dhèwèké ora pengin wong-wong mau diapura.



Yunus nesu banget marang Gusti Allah, mula dhèwèké kandha, "Dipun pati kemawon kawula; sabab pati punika luwih becik kangge kawula tinimbang gesang."



Yunus lungguh ing njaba kutha, nggenteni apa sing bakal ditindakake Gusti Allah sabanjure. Gusti Allah nyawisake tanduran sing godhonge gedhe. Iku tuwuh kanthi cepet, lan ngiyubake Yunus saka srengenge panas sedina muput.



Esuke, Gusti Allah ngutus cacing, sing mateni tanduran kuwi. Banjur, Pangéran Yehuwah nyiapake angin sing panas lan banter sing nyerang Yunus nganti dikira dhèwèké bakal mati. Kuwi kabeh malah nggawe Yunus tambah nesu.



Pangéran Yehuwah ngandika marang Yunus, "Apa kowé patut nesu? Kowé tresna marang wit anggur, sing kowé ora nandur lan ora isa nuwuhke. I ku tukul ing wayah wengi lan mati ing wayah wengi."



"Yagene Aku ora bakal melasi
marang Niniwe, kutha kang
gedhe iku, kang cacaha ewonan?"



Yunus lan I wak Gedhe

Crita saka Pangandikané Gusti, Kitab Suci

bisa digolèki ing

Yunus

“Kawedharipun pangandika Paduka punika
madhangi.” Jabur 119:130



Cunthel



Crita Kitab Suci iki nyritaaké bab Gusti Allahé awaké dhéwé sing luwar biasa, sing nitahaké kita kabèh, sing ngersaaké supaya kowé wanuh marang Panjenengané.

Gusti Allah pirsá yèn awaké dhéwé wis nglakoni prakara sing èlek-èlek, sing disebut déning Gusti Allah, dosa. Ukumané dosa iku pepati, nanging Gusti Allah banget olèhé ngasihi marang kowé, mula ngirim Putrané Ontang Anting, utawa Putra sing ora ana Tunggalé, asmané Yésus, supaya séda disalib. Yésus diukum sebab dosa-dosamu. Banjur Gusti Yésus wungu manèh saka séda lan kondur menyang Swarga! Yen kowé percaya marang Gusti Yésus lan nyuwun pangapura tumrap dosa-dosamu, Panjenengané bakal maringi pangapura! Panjenengané bakal rawuh lan urip nang atimu saiki uga, lan kowé bakal urip bareng Panjenengané saklawasé.

Yen kowé percaya yen iki bener, mara matura marang Gusti mengkéné: Gusti Yésus ingkang kawula tresnani, kawula pitados bilih Paduka punika Gusti, lan sampun manjalma dados manungsa supados séda kanggé nyirnaaken dosa-dosa kawula, lan sakpunika Paduka sampun gesang malih. Mugi rawuha ing gesang kawula lan apuntenana sedaya dosa kawula, supados kawula nggadhahi gesang énggal ing wekdal punika, lan bénjang badhé sesarengan kaliyan Paduka salaminipun. Mugi mitulungi kawula supados saged tansah mbangun turut dhumateng Paduka sarta gesang kagem Paduka, dados putra Paduka. Amin.

Maca Kitab Suci lan geguneman karo Gusti Yésus saben dina! Yohanes 3:16

